ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№108 (22.266) ● 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 14, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къанокъуэ Арсен хэтащ УФ-м и Къэрал саугъэтхэр зэратым теухуа дауэдапщэм

Кремлым щекIуэкIащ 2011 гъэм Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтхэр тыным теухуа дауэдапщэр. Абы прихьэлIащ УФ-м и Къэрал советым хэт, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен.

МЫ IУЭХУР, хабзэ хъуэхъ, ирагъэхьэлIэ Урысейм и Махуэм. Къэралым и Iэтащхьэм УФ-м и Къэрал саугъэтхэр ярет щIэныгъэм, технологием, щэнхабзэмрэ гъуэгджэмрэ я Iэнатlэхэм, апхуэдэу гуманитар, производствэ лэжьыгъэм зэфIэкI ин кьыщцIзыгъэлъэгъуа ди хэкуэгъуэхэм.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ
Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● КЪБР-м и Правительствэм

Министрхэм къыхалъхьахэр дАлыгъ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и зи чэзу зIуплIэр щрЗт кIуам ярицъкIуэкIащ абы и унафэщым и къуэдзэ Уэнаев Казим.

ЗЭХУЭСЫМ Iуэхугъэ 15-м щыхэпльащ. Абыхэм ящыщ Урысей Федерацэм и Президентым пщэрыль къащищIа-хэмрэ и унафэхэмрэ зэрыпхагъэкIым, гъэзэщIныгъэ дзиплинэм и щытыкIэм, КЪБР-м и Правительствэм и унафэ зыбжанэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуахэр.

Ямэ Iуэхугъуэм теухуауэ къэпсолъа КЪБР-м къэрал мылькумрэ щIы IэхуэхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Тонконог Анне къытеувыIащ щIыхуэхэм псэупIэ тращIыхьым папщIэ къэрал щIым щыщ щIэнщIэу хуХахьным. Иджыпстукlэ апхуэдизу щIы кIапи 165-р ябубзыхуащ, Iуэхум хопльэ.

Республикэм финансхэмкIэ и министр Бышэн Азрэт и псалъэмакIыр триухуащ «2012 гъэм, 2013 - 2014 гъэхэм ятеухуа КЪБР-м и республикэ бюджетым и Iуэхукlэ»м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» КЪБР-м и законым и проектым». АдэжкIэ ар къытеувыIащ КЪБР-м и Iэтащхьэм зыкъыхуэзыгъэзэхэм ящыщу мылькукlэ зызыщIагъэкъуэн хуейхэм хуХаха ахъшэм екъэлIа КЪБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым. Апхуэдэ дЗэпыкъунигъэ зыгъуэтыныхэр щIыхуибл мэхъу, иратыну ахъшэр зыхуэдизри игъэнэIуащ.

КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ затумкIэ и министр Мусуков Алий къытеувыIащ физическэ лицохэм яй уХуэныгъэхэм налог зэрыралъхьэм теухуа законопроектым. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, илъэс къэс апхуэдэ унафэ кьащтэ икIи зы проценткIэ налогым хагъахьэу.

- Иджыпстукlэ абы хэдгъэхьуакъым, сыту жыпIэмэ, къэралым къыщыгIэн хуеящ фи ячеекэ лиц0хэм я мылькымрэ щIымрэ ятеухуа налогыр зэзыхъэкIя мыгъэ IуэхуэкIя мыгъэ тещIыхьа налог. АрщхьэкIэ а Iуэхур 2018 гъэм зэрагъэIэпхъуэм къыхэкIыу, зэхъуэкIыныгъэхэр хьэпсынхэм теухуахэр.

Ямэ Iуэхугъуэм теухуауэ къэпсолъа КЪБР-м къэрал мылькумрэ щIы IэхуэхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Тонконог Анне къытеувыIащ щIыхуэхэм псэупIэ тращIыхьым папщIэ щIым щыщ щIэнщIэу хуХахьным. Иджыпстукlэ апхуэдизу щIы кIапи 165-р ябубзыхуащ, Iуэхум хопльэ.

Республикэм финансхэмкIэ и министр Бышэн Азрэт и псалъэмакIыр триухуащ «2012 гъэм, 2013 - 2014 гъэхэм ятеухуа КЪБР-м и республикэ бюджетым и Iуэхукlэ»м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» КЪБР-м и законым и проектым». АдэжкIэ ар къытеувыIащ КЪБР-м и Iэтащхьэм зыкъыхуэзыгъэзэхэм ящыщу мылькукlэ зызыщIагъэкъуэн хуейхэм хуХаха ахъшэм екъэлIа КЪБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым. Апхуэдэ дЗэпыкъунигъэ зыгъуэтыныхэр щIыхуибл мэхъу, иратыну ахъшэр зыхуэдизри игъэнэIуащ.

КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ затумкIэ и министр Мусуков Алий къытеувыIащ физическэ лицохэм яй уХуэныгъэхэм налог зэрыралъхьэм теухуа законопроектым. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, илъэс къэс апхуэдэ унафэ кьащтэ икIи зы проценткIэ налогым хагъахьэу.

Апхуэдэуи республикэм и Правительствэм «КЪБР-м и Къэрал саугъэтхэр зыужьыныгъэмкIэ и агентствэ» акционер зэгухьэныгъэ зэуХуам и уставной мылькум хэзгъэхъуэным теухуа унафэ кьищтащ.

Iуэхугъуэм хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Харченкэ Юрий тепсэлыхьащ «КЪБР-м гъуэгу хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым Автомобиль гъуэгуэкIыным и Управленэ» къэрал казенн0 Iуэхущ1апIэ къызэгъэпэщыным и Iуэхукlэ»м республикэм и Правительствэм 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м кьщта Унафэ №361-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр зэхъуэкIыным теухуа КЪБР-м и Правительствэм и Унафэм проектым.

«Iэмал зимыIэ медицинэ страхованэм теухуа щIыналъэ программэ зэхъуэгъэныкIэ комиссэм и Iуэхукlэ» Правительствэм 2012 гъэм мазаем и 2012 гъэм кьщта Унафэ №18-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа проектым тепсэлыхьащ республикэм уэныщагъэр хьумэныкIэ и министр кьалэнхэр зыгъэзащIэ КIэнщэлий Анатолэ.

КЪБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зэпхыныгъэмкIэ и унафэщIым и къуэдзэ Бакъ Николай кьытеувыIащ «КЪБР-м и Правительствэмрэ республикэм и профсоюзхэм я федерацэмрэ 2011 гъэм щыщыIуэм и 22-м, 2012 гъэм щIыщыIуэм и 25-м кьащта унафэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэныкIэ» проектым, зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхьумэхэм я унаГъэхэм Вэрокъэ О.М., Мэщыкъуэ Т. М. сымэ мылькукIэ ядЗэпыкъуным.

«Студент гъатхэм» и гугъу щищIым, КЪБР-м щIалэгъуалэ Iуэхугъэмкlэ и министрым и къуэдзэ Водопьянов Александр кьытеувыIащ «СНГ-м и студент гъатхэр Кавказымэ дунейпсо фестивалыр КЪбЗрдей-Балъкъэрым щегъэкIыным и Iуэхукlэ» КЪБР-м и Правительствэм и Унафэм. Нэ-щхьэкIэ ар кьалэ мэкъуауэгъуэм и 16 - 19-хэм щекIуэкIыну а фестивалым республикэ бюджетым сом зы мелуанрэ мини 120-р хухех.

«2013 - 2016 гъэхэм тещIыхьа КЪБР-м и Суд Хьэкьущхьэм и присяжнэ заседателхэм я кандидатхэм я спискэр зэрызэхэгъэвапхъэм теухуа унафэм и проектым тепсэлыхьащ КЪБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и къэрал-правовой Iуэхущ1апIэм и унафэщI КъуэщIысокъуэ Залым. Министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я Iуэху докIым и льэныкIуэкIэ министрэм кьихалъхьахэр зэIущIэм щыдаIыгъащ.

УАРДЭ Жансурт.

● Хъыбар гуапэхэр

Махуэшхуэ концерт

Урысейм и махуэм ирихьэлIэу щыхуэхэм я нэгу зыщрагъэжъ концерт республикэм и кьалащхьэм щекIуэкIащ. КЪБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и жэрдэмкlэ къызэрагъэпэщ нэгузыжьыр Абхъазым и утым щызэхэтащ. Ар иригъэкIуэкIащ Урыс къэрал драмтеатрым и актер Каграманэн Грант.

ДЫГЪЭМ и гуащIэгъуэм ирихьэлIат зэхьыхьэри, къызэхуэсахэр жыг щIагъ жьэуалIэхэмкIэ щетIысэхащ. Утыр нэщIщ жалэу кьамыгъанэу, абыхэм я нэгу зрагъэжьащ республикэм и уэрэджьыкIуэ щIэрыIуэхэм.

Батыр Мухьэдинрэ Ташло Алийрэ «Сыщалъхуа хэку» уэрэдымкIэ махуэшхуэ концертыр кьызэIуахащ. Адэкlэ утыкур хуит хуащIащ «Ассэ» сабий кьэфакIуэ ансамбльм, «Амикс» кьэфакIуэ-уэрэджьакIуэ гупхэм. Зеущэ Iуэс и «Кавказымрэ Урысеймрэ», Теппеев Алим игъэзащIа «Ди Кавказым папщIэ» уэрэдхэм цIыхухэр нэхьри кьызэхуишэсырт. Кьыкlэльыкlуэу абыхэм я гукъыдэжым зрагъэIэтащ, я нэгу зрагъэужьащ уэрэджьакIуэхэу Ракитинэ Ириной, КIуэщIысокъуэ Роксанэ, Шэрджэн Iэсиат, Тамаев Анзор сымэ, нэгъэущIхэми.

ДЫГУЛЫБГЪУ Ланэ.

Абы псори зэкъуегъэувэ

Налшык, Абхъазым и цIэр зезыхьэутым, мэкъуауэгъуэм и 12-м автомобиль зэдэжэм хэтхэр Урысейм и Махуэм и щIыхькIэ республикэм и щIыпIэ зыбжанэм щыIащ.

УРЫСЕЙМРЭ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал ныпхэмкIэ, адыгэ, балъкъэр бэракъэмкIэ гъэщIэрэщIа автомобилхэм ицу республикэм и щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр Шэджэм, Май, Къэщкъэтау жылагъуэхэм щыIащ.

Тхыгъэри суэтри
ХУЖЬОКЪУЭ Наталье *ейщ.*

Властыр яубыдынут

Кот-д' Ивуар и хабзэхьумэ органхэм къызэпаудащ къэрал властыр зыубыдыну иужь ита гупым я Iуэхур. Аэр псори президенту щыта Гбагбо Лоран и телъхьэщ. Дыгъуасэ Кот-д' Ивуар и кьалащхьэ Абиджан къызэрыратыкIамкIэ, властыр убыдынымкIэ Iуэхуэкр къыззэгъэнэщыну хэтахэр зауэлI унафэщI гупымкIэ мазэм.

МВД-м и Iэтащхьэ Бакайоко Хамед лъэпкъ телевиденэмкIэ кьэпсолъэу вэсэмахуэ пщыкъощхьэм зэрыжиIамкIэ, гупым щыщ зыбжанэ яубыдащ, къэралым и президент Уаттарэ Алассан къулыкъым тедзын мурад зэрэIэм и щыхьэт тхьылъхэр щыIэщ. Властыр яубыдащ. Iапхъэкlэ Iапхъэм хуей зауэлI администрацэ къызэрагъэпэщыну а гупым я гугъат.

Мазэ бжыгъэ куэдкIэ граждан зауэ щекIуэкIа Кот-д' Ивуар и щытыкIэр хуэмурэ зэпхыныгъэ зэхъуэ. А зауэр зыкъэкIат Гбагбо Лоранрэ Уаттарэ Алассанрэ 2010 гъэм зэхэта президент хэхъыныгъэхэм иужькIэ кьулыкъу нэхъыщхьэр зэпаубыдын хуей зэрыхьуам. Гбагбо яубыдащ нэгъабэ мэлыжьыхьым. Ар Гаагэ щаIыгъыд, щIэпхъадж1эр куэд и унафэкIэ зэралэжьам кьыхэкIыу.

Щытыкlэм къегъэгузавэ

ООН-м и секретарь Нэхъыщхьэ Пан Ги Мун вэсэмахуэ ищIа докладым къызэрыщигъэльэгъуамкIэ, Сириемрэ нобэ щекIуэкI къыугьэм къызэщIегъэт Джолан лъагапIэхэм щыщIыщIэ щытыкIэр - я къэралымрэ Израильмрэ я дзэр мамыру зэтеIыгъэныкIэ къащтауэ щыта хабзэхэр къызэпаудыныкIэ щынагъуэщ.

Пан Ги Мун и кьегъэгузавэ ООН-м и кIэлъыплъкIуэхэр хуиту Джолан лъагапIэхэм щызэкIуэну Сириеми Израилми зэрамыдэм.

«Къэзэкъыпэ Гъунэгъуэм къыщыхъу къаугъэ псори къэпльытэмэ, дяпэкIэ а щIыналъэр зэрыт щытыкIэр нэхъ ткIий хъуну къыщIэкIынущ», - къелъытэ абы икIи къегъэув ООН-м и кIэлъыплъкIуэхэр Джолан лъагапIэхэм къипшыж мыхъуну.

Секретарь Нэхъыщхьэр кIэлъыплъкIуэхэ зэджэ гупым хохьэ Австриием, Филиппинэм, Индием, Хорватием, Японием, Канадэм я зауэлIу 1035-рэ.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 14, махуэку

t **Лъы зытхэм я дунейпсо мафущIэ**

t **IэпхъуэшапхъуэхэмкIэ Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэм и махуэщ**

t **США-м и къэрал ныпым и хабзэ**

t Илъэс 50 и пэ дипломатиэ зэхущытыкIэхэр зэхуаIэ хуэщ СССР-мрэ Сенегал Республикэмрэ, 1991 гъэм и дыгъэгъазэм Урысей Федерацэм и къыщтащ СССР-м и кьалэнхэр.

t Венэ (Австрие) щекIуэкIынущ щIыдагъэ зыщэ къэралхэм я организацэм (ОПЕК) и 161-нэ сессие.

t 1936 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр автономиэ областым къыщызэIуахащ гъуэгджэмкIэ Управленэ.

Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым къызэриты кIэ, нобэ Налшык уэфIу щытынущ, хуабэ махуэм градус 30-32-рэ, жэщым градус 21-27-рэ щыIэнущ.

Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъ 23-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъ 48-м.

Хьэуам и псыIагъыр къитIэсэнщ процент 54 - 80-м.

Мэкъуауэгъуэм и 15, мэрем

t Копенгаген кьалэр илъэс 845-рэ ирокIу. 1417 гъэм щыщIэдзауэ Данием и кьалащхьэщ.

t Женевэ (Швейцарие) щекIуэкIынущ лэжьыгъэмкIэ дунейпсо организацэм (МОТ) и унафэщIхэм я Советым и зэIущIэ.

t 1561 гъэм Москва нэсащ Урысейм и пащтыхь Иван IV щхьэгъусэ хуэхуэуа Гуащэнэ, - Идар Темрыкъуэ и пхъур.

Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым къызэриты кIэ, Налшык уафэгъэльэгъуэ уэшх къыщIешхынущ, хуабэу махуэм градус 29-32-рэ, жэщым градус 21-26-рэ щыIэнущ.

Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъ 23-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъ 48-м.

Хьэуам и псыIагъыр къитIэсэнщ процент 53 - 83-м.

Пlалэмэрэ щIалэхъуэхэрэр **ГЪУЩIО Зарифи.**

● Прохладнэ куей

Я нэгу зрагъэужь

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм щыщIидзэ мэкъуауэгъуэ мазэм Прохладнэ кьалэ паркыр екIуу IуащIащ.

КЪАПЩТЭМЭ, мыбы сабий джэгунIэрэ аттракциону 20-м нэблагъэ щыIэщ. Ахэр дахащэу, иджырей мардзэхэм тетрэ щынагъуэрыщэу и чэзум зэрыщэфIагъэхьам и фIыгъэкIэ кьекIуэлIакъэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Щыплпэ мэщыщIауэ, жьы хьуа жыгхэр ирахри, абыхэм я пIэкIэ жыгыщIэ зэмылIэужьыгъуэхэр хасащ. Паркым зи зыгъэпсэхугъуэ зэманыр щызыгъакIуэ сабийхэмрэ ахэр кьэзыщэ адэанэхэмрэ папщIэ мыбы ятщ ныбжь зиIэхэм папщIэ шахмат, шашкэ, домино джэгунIэхэр.

Кьалэ паркым Iуэху зэхуэмыдэхэр кьыщезыхьэлIэ лэжьакIуэхэм я нэхьыбэм ныбжь яIэу кьаухахащ, сыт хуэдэ кьалэнми ахэр жэуаплIныгъэ ябгъэдэлъу зэрабгъэдыхьэр кьалыытэри. Абыхэм аттракционхэр егупуу зэрагъэлажьэм кьыщынэмыщIауэ, дэтхэнэ зы сабийми зыхуэсакьыпхъэхэр кьыгурагъалуэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Дзэлыкъуэ куей

Автобусышхуэм щIолъэIу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и зи чэзу зIуплIэр щрЗт кIуам ярицъкIуэкIащ абы и унафэщым и къуэдзэ Уэнаев Казим.

КъАПЩТЭМЭ, Налшыкрэ Сэрмакъэрэ микроавтобусэ 5 тетщ. Къимыдзэкlэ, къуажэ кIэущIымкIэ щызокIуэ Хьэбзэ, Чыщбалькъ, Къармэхьэблэ жьилэхэр зэпызыщIэ машинэхэр. Абыхэм яхэт щIыхуэ куэд зэрыхуэу автобус зыбжанэм я Iуэхуткъэбзэр кьэзыбгъэсабэп кьуажэдзсхэр сыт и лъэныкъуэкIи апхуэдэ щытыкIэм арэзы тохъуэ. «ЩIыхуэ кьезыщэкI транспорт лIэужьыгъуэ!Iри щырелэ, - жаIэ абы-хэм, - сыту жыпIэмэ, пIащIэрыщIэу гъуэгу техьэри, хуцIыльащ икIи «зэхъэзэхуэ» мардэм нэхъ игъуэу кьэзыльытэхэри щыIэщ. Ауэ щыхъукIэ, автобусыпщIэр зэрынэхъ пудыр, арыншами хэхъуэшхуэ зимыIэ къуажэдзсхэмкIэ кьэпльытапхъэщ».

Сэрмакъэр Налшыкрэ зэпызыщIэ микроавтобусхэм автобусышхуэ кьыхагъэхьэныр къуажэдзсхэм лъэIу тхьгъэкIэ зыхуагъэзащI КъБР-м Транспортымкlэ и министерствэм. Мы Iуэхум хэпльащ икIи «зэхъэзэхуэ» мардэм тету а жылагъуэм ягъэкIуэну транспортыр кьыхахьыну трауХуащ. Псом ящхьэрращи, кьуажэдзсхэм я лъэIур гупытэнщэу кьагъэнахьыну. Апхуэдэ автобусышхуэхэм тыншу студентхэри, базэракIуэхэри, лэжьакIуэхэри нэхъапэми хуэдэу, зы сыхьэт бжыгъэм тету ирыкIыжыну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

Куэдым топсэлъыхь

Адыгэбзэкlэ къыдэкI газету республикэм диIэр «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ. Сэ ар куэд щIауэ тызодэзэ икIи сфIэхъьэлэмэту сыт хуэдэ тхыгъэри къызоджыкI.

ГАЗЕТЫМ гулъытэ хуещI ди къуэшI республикэхэмри дунейм щыхъыбархэми. Абы къызэщIеубыдэ политикэ, жылагъуэ Iуэхухэри. Куэдкlэ щхьэпэщI «ЩIалэгъуэ», «ЦIыкIураш», «Малъхьэдис», «Щыхульаръуэ», «Къэбэрдей», «Си еджапIэ» - си кьежьапIэ» и къыдэкIыгъуэ щхьэхуэхэри. Зыгъэпсэхугъуэ махуэм газетым къытехуэ жьIэгъуэхэр, эпэпкъ щхьэмыгъуэхэр, хабзэм теухуа тхыгъэхэр, псалъэзэблэдзыр - псори мыхьэнэ зиIэ защIэщ.

Апхуэдэуи къыхэзгъэщыну сыхуейт «Адыгэ къуажэхэм я щIэнгъуэзэри».

Къуажэ-къуажэкIэрэ къэдмыкIуэхьми, абы дыщегъэгъуазэ хэт сыт и IуэхущIафэми. ИкъуэкIэ Iуэхугъуэ куэдым топсэлъыхь газетыр. ЖысIэну сызыхуейращи, абы и сыт хуэдэ тхыгъэри купщIафIэщ, щхьэпэщ, удэзыхьэхщ.

«Адыгэ псалъэм» и фIагъхэм щыщу къызоплытэ газетеджэхэм я тхыгъэхэр зэрытрадзэр. Апхуэдэ Iэмалым, дауи, газетымрэ абы и щIэджыкIакIуэмрэ нэхъ зэпэгъунэгъу ещI.

Адыгэ лъэпкъым кьыхэкIа цIыху цIэрыIуэ, зэжьакIуэпхуэ куэд газетым и напэкIуэцIэхэм зэкъыщыщыгъэцIыхуэри жьзмыIэу къэзгъэнэнкъым. СэркIэ лъапIэщ «Адыгэ псалъэр».

ЩАД Зафирэ,
пенсэм щыс.
Мэлгъэбзэг къуажэ.

КъБР-м щыIэ IуэхущIапIэхэмрэ цIыхухэмрэ гу зылъатапхъэ

2012 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къагъэхьи папщIэ газетхэмрэ журналхэмрэ Iэщытрагъадзэ зэманыр еух.

Фэ нэхъ фигу ирихь газетэр, журналхэр кьевгъэхьын папщIэ иджыпсту почтамтхэм, пощтым и къудамэхэм Iэ щыщIэвдз хъунущ. Абыхэм Iэ зыщIэвдза къыдэкIыгъуэхэр и зэманым фи унэм ныкфхуэныщ е пощтым и Iуэхущ1апIэхэм къыщыватыжынущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзыныр иужьрей дыдэ махуэм нэмвыгъэку зэфIэвгъэкI.

КъБР-м Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и управленэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэгу хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым мы илъэсым нуэрь пкьэнущ Ставрополь крайм и гъунапкъэм къыщыщIэдзауэ Прогресс жылагъуэм кьэсыху дэпь федеральнэ гъуэгу Iыхьэр зэгъэпэщыжыным.

2012 гъэм республикэ бюджетым кьыхэкIыу мы Iуэхум хухахащ сом меларди 2. Ар илъэс кIуам хуаутIыщам нэхъри хуэдитхум нэблагъэкIэ нэхъыбэщ. Абы щыщу сом мелуан 450-р гъуэгу хозяйствэм ипэ ита илъэсхэм зытритIыхьауэ щыта къэрал пщIыхуэхэр япшыныжьынымрэ пэкIуэнущ. Сом мелуан 85-р трагъэкIуэдэнущ уэрамхэмрэ лъэс лъагъуэхэмрэ къэгъэнэхуным.

Мы Iэнатlэм къыпэщыт кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу Нартсанэ - Долина Нарзанов - Джыпсы-Су, автомобиль гъуэгум и ухуэнкIэ гъэм адэкIи къыпыщыныр. Абы и фIыгъэкIэ къэралпсо мыхьэнэ зиIэ Кавминводы щыщ Жыласлъэн хабзэхьэмэ органхэм я лъэкъуэкIыным и мурадэ Бахъсэн дзт уней льапсэхэм ящыщ зым зыщигъэпщкIуащ. Щыхуэхэм шынагъэ кьатемыхьэн папщIэ, а гъэмрэ гъунэгъуэ щыт унэхэмрэ щIэсхэр кьыщIагъэкIри, КЪБР-м и Оперативнэ штабым и IэщIагъэлIэр сыхьэт зыбжанэкIэ щIэпхъаджащIэм епсолъащ, Iэщэ игъэтIылъу зыкьытыну хуагъэуву. Абдеж ГъукIэлI Жыраслъэн и анэрэ кьашэрэ, Iэщэр игъэтIылъу зыкьытыну и къуэм ирагъэлъэIуащ. Ауэ боевикыр зыми едэIуакъым икIи хабзэхьэмэхэм къахэуэу щIидзэри, гранат зыбжани кьахидзащ. Апхуэдэу щыхъум, щIэпхъаджащIэр абдеж щаукIащ.

НаIуэ къыхэрыхъуамкIэ, ГъукIэлI Жыраслъэн 2011 гъэм и пщIэдзэм кьулыкъу щищIэ дзэ частым кьыдэкIуэсыкIри зигъэпщкIуащ икIи Бахъсэн районым и щIыналъэм щыIэ бандэ гупым яхьхащ. КъызэралытэмкIэ, ар яхэтащ 2011, 2012 гъэхэм Бахъсэн районым и жылагъуэ зыбжанэм хабзэхьэмэ органхэм я кьэрахъуэ, щэхэр зэрылъ щалъэу щы, гранат кьагъэхуащ.

2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 9-мрэ 10-мрэ щхьэрлажьэ бандэхэм ящыщу яуКIа цIыхуищIэр хэтащ ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэм теуахэм. Абы щыгъуэ офицерыр игъэта Iуэгъэхэм илIыкIащ.

Оперативнэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэным, полицэм и лэжьакIуэу плIы уIэгъэ хуащ. Мыдрей щыхухэм ящыщу зыми лей къытехьакъым.

Иджыпсту гъэзэщIэ щрагъэкIуэкI Iуэхущ1апIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ полковник Какушев И. К. кьыдигъэкIа унафэмкIэ 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 30-м щегъэжьауэ Бахъсэн кьалэм и Iыхьэм щхьэщхьажащ терроризм пэщIэтыныжьмкIэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI щыIалъэм и хабзэр щагъэуваю щытащ. «Терроризмым пэщIэтыныжьмкIэ Iуэхуэ» 2006 гъэм гъатхэгъэм и 6-м кьащта Федеральнэ закон №35-ФЗ-м ипкъ иткIэ, щытыкIэр зэтес зэрыхъужам кьыхэкIыу, Урысейм Шынагъэ ныщагъэмкIэ и кьудыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыт

Экономикэ Политикэ

Махуэ къу

Кауказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

Игъуэ хъуа дылэжьэну?

● ГъащIэ

Ижь зэманым Урысейм Iуэху телъыджэхэр щокIуэкI. Властыр цIыху кIыхьэрыгуэкIхэм нэхъ къедаIуэ хъуащ. Арщхьэкlэ абы зэхуигъэдэфыну зиIэхэмрэ зимыIэхэмрэ?

Либералхэр мэгуфIэ, къалэныгъэ Урысейм «революцIэм ещхь гуэр къыщыхъуауэ жаIэу. ФIэфI-фIэмыфIми, властми зиумысыкIын хуей хъуащ зэманым и жэкIэм къыщэрыIэрыхуамкIэ. Зыгуэрхэм и чэзум гу лъатакъым. Зыгуэрхэр яIаг ъуххакъым. ЩIыдагъэмрэ газымрэ утесу къэралым щекIуэкIхэр къыбгурыIуэныр гугъуш. Хабзэхэр къыдэтенащ, партыр къаруугуфIэщ, властыр псоми фIыщу яIэнущ. Апхуэдэдэрэ екIуэкIыну къафIэщIащ. Къэрал ухуэкIэм зэи зимыхъуэжыну жызыIа пащтыхь АлександрЕщанэр уигу кьагъэкIыж а псом.

Зыгъэпсэхунми кIэ иIэщ

Илъэсищ ЩIэ къулыкъущIэхэм загъэпсэхуащ. Абы щхьэусыгъуэ иIэт. Гъэсыныпхъэхэм къыщIах уасэшхуэм Iэмал къаритырт пенсэхэм, улахуэ зэмылIэужьыгъуэхэм хагъэхъуэну. «ЦIыхубэр иджыри реформэхэм хуэхъэзыкъым», - жаIэрт. Консерватизмым и лъабжьэр зыгъэбыдахэм ящыщ Победоносцев Константин и гупсысэхэр зигу ирилъха властым гу лъитакъым жылагъуэм зэрызихъуэжым, шыкIэпшынэм къикI макъамэр нэгъуэщI зэрыхъум.

МылъкукIэ курыту псэу хъуахэр хуеижкъым пащтыхым уэрэд хужаIэну. Сыт абыхэм зэрарщIынур властыр зыщIыщытхъужу льготэхэу советхэм къащIэнар? Ахэр хуейщ езыхэм хуиту ахъшэ къалэжьыжьну, псэуну. ЕкIуэкI хуэдэу ягъэIу реформэхэм зыри къызэримыкIыр къызыгурыIуа къалэдэсхэм, арати, уэрамхэм къыдахьэу щIадзащ.

Властым зыкъыщIэжащ. Къэхъухэр абыхэм я дежкIэ щIагъуэтэкъым. «Урысей зэкъуэт» партым къигъэлъэгъуар Ярославль и мэрыр зэхъным теухуа IэIэтым щытекIуэфакъым. Уеблэмэ Астрахань щэхубээми зыкъигъэхъеящ. Абы щыгъуэми урысей щIыналъэхэр консерватизмым и быдапIэу иджыри къэс къеКIуэкIащ. Ахэрат властым и тегъэщIапIэр. АтIэ иджы сыт къэхъуар?

ИщхьэкIэ укъеплъыхмэ

Дахэу зэщIыхупыкIауэ уэрамхэм къыдыхьэхэм тельыджа гуэрхэр ядыдолъагъу. Пэжщ, зы лъэныкъуэкIэ абыхэм ягу ирихьыркъым ди къэралым политикэ и лъэныкъуэкIэ щIызэрахьэ щIыр. КъулыкъущIэхэм яхуэзмыарэзы къалэдэсхэр, щэч хэмылъу, мащIэкъым. Ауэ ахэр зи ныбэ из, зыхуей псори зыгъуэт, тыншу псэу цIыхухэщ. Ахэр властым техъущIыхьыфынущ сыти хужаIэу. Хуейуэ щытмэ, гугъущэ демыхьу, властым ахэр езым и телъхьэ кьищIыфынущ. Абы ахъшэ гуэри лейуэ тригъакIуэдэи хуей хъуну къым. Къалэдэс къэгубжьахэр ерыскъы хуэныкъуэкъым. А цIыхухэр зыхуейр нэгъуэщIщ - жылагъуэ гъащIэм нэхъ жыджэру хэтынырщ, езыхэм заIэтынымкIэ къэралыр къадэIэпыкъунырщ. Щхьэтечу жыпIэмэ, зы мащIэкIэ нэхъ мыхъуми, властым льагъэIэсынырщ.

ИщIагъкIэ-щэ?

Арщхьэкlэ Урысейм нэгъуэщI мыарэзыкэрэ щыIэщ. Абыхэм яфIэфкъым телевизорхэм куэдрэ къихъэн. Хэбгъэзэхьхьмэ, щыму я гъащIэр яхь: зэрымыарэзыну гугъуц. Ауэ абыхэм я мыарэзыныгъэр зэщIопIэрэ, гуарцэ мафIэ къызэщIэрыуэм хуэдэу хуэмурэ. Абы дэ десэжащ, араш гу щIылъдмытэри.

Ди щIалэхэм дзэм къулыкъу щащIэн зэрыхуэмеижыр тльагъурькъэ? Абы зыри къикIыркъэ? Ди Сыбырым, КъуэкIыпIэ Жыжьэм, ди къалэ цIыкIухэм, къуажэхэм цIыхухэр къыдоIэпхъуКI. Москва къэралым и къулеитъуэхэм я нэхъыбэ дзэр зэрепхъуэри, щIыналъэхэм къахуигъанэр ныкъуэшхэщ. Ди ежьанIэ нэхъыщхьэхэр къэзыуухаэр (дохутырхэр, етъэджакIуэхэр, н.къ.) къалэшхуэхэм кьыдонэри, ахъшэ нэхъ кьызыпхэкIуэн дэжьапIэ къалъхьхэрэ. Абы щыгъуэми, къэралым хуабжьу къомэщIэкI IэщIагъэлIэр, «лэжьакIуэжь» жыхуэтIэхэр. Сыт абы и цIхьэуслугъэр. Жэуапыр кьыхэзырыгъкIщ: абыхэм иратын хуей улахуэр къулыкъущIэ Iуэхуншэхэм я жыл иралъхъ. Хьэмэрэ, зыхуей зэрыхуэмызэм къыхэкIыу сыт хуэдиз унагъуэ лъэплъажр? ЦIыхубзхэр лъхъэну хуейкъым, цIыхухъухэм фыз кьашIэркъым. Аращ бэлыхь куэдыр кьыщIахэжкIр. Ди щIалэ, хъыджэбз акъылыфIэхэр, щIэныгъэшхэуэ зыбгъэдахъэр нэгъуэщI къэралхэм макIуэ, ди университет нэхъыфIхэм щеджэхэр ещанэ курсым кьыщыщIэдзауэ КъухьэпIэмкIэ мапIэ. Абы зыгуэр кьыжьиIэркъэ?

Иджыпсту зи гугъу тщIы цIыхуэхэр уэрамхэм кьыдыхьэрэм зэрымыгъэхуэн къагъэлъагъуэу. Хэхэныгъэхэм Iэ яIэтыну кIуэхэркъым. Ахэр зыкIи еупщIыркъым президентым премьерми. Щхьэусыгъуэр кьызэрыгуэкIщ: абыхэм властри зыкъызэIэтахэри яфIэщ хъужьыркъым. Абыхэмрэ властымрэ къэрал зырыз щопсэу. Ауэ апхуэдэу куэдрэ екIуэкIыну?

КОСТИКОВ Вячеслав.
«Аргументы и факты».

● ПсэукIэ

Дэнэт Гайдар Урысейр здихъур?

Мы гъэмахуэм илъэс 20 ирокъу ваучерхэр кьагъэсэбэпуэ къэрал предприятэхэр уней мылъку щIыным теухуа программэр кьызэраштэрэ. Чубайс Анатолий кьигъэгубат апхуэдэ ваучерхэмкIэ дэтхэнэ урысейми «Волга» машинятI лъысыну.

Щыку мелуанхэр факьыIэ зыщIа приватизацэри, уасэхэр зэрауатIыпщари урысейхэм иджыри къэс хуагъэгубфыркъым «либерализмым демократизмм». Нэхъ щхьэтечу жыпIэмэ, дунейм ехьжа Гайдари псэу Чубайси. АрщхьэкIэ экономист цIэрыIуэ Илларионов Андрей и дежкIэ хьэкIщ 90 гъэхэм Гайдаррэ Чубайсрэ ирагъэкIуэкIа политикэр либерализмым демократизмым хуэхеIуэ зэрыгъэпсыр я мыхьэнэр ди цIыхухэм я пащхьэм щагъэпудауэ аркьудейщ.

ЩIыдагъэрщ кьыщежьар

- Андрей, уэ жыпIауэ щытащ «реформаторхэм я правительствэм 90 гъэхэм хэтахэр ипэжыпIэкIэ щэхурыпсыгъэ Iуэхущапи зэхэм я лэжьакIуэхэмрэ ящыщуэ, Гайдар уасэхэм дейуэ тральхъэ налогыр (НДС-р) акьылым кьыпхуимыгъасэу процент 32-м нэс дрихуеину зэрыхуэцIэкьуар, зи мылькур зыIэщIагъэкIа цIыхухэм абы ахьшэ яритыжын зэримыдар. ЦIыху кьэс и цIыгар. Абыхэр зэрыгъэпсыр ваучерхэр трагъэшынымэ теухуа унафэ Совет Нэхъыщхьэм кьищта пэтми, Чубайсрэ Гайдаррэ хабзэм зэребэкьыгар. Абы щыгъуэми гъэщIагъэ щыIэрахьар депутатхэр щымылэжьа гъэмахуэ зэманырщ. Абыхэм апхуэдэ лъэбакьуэхэр ячынымэ кьыхьыхэкIар сыт?

- А ущIэм и жэуапым лъэныкьуищкIэ убгъэдыхьэ хьуну кьыщIэкIынущ. Япэрауэ, Iуэхум хащIыкьыртэкъым. ЕтIуанэрауэ, гуащIэмащIэт, Ещанэрауэ, яцIэр кьагурыIуэжу цIыхубэр щыхупIэм хуэщIэ щыIэрахьар депутатхэр щымылэжьа гъэмахуэ зэманырщ. Абыхэм апхуэдэ лъэбакьуэхэр ячынымэ кьыхьыхэкIар сыт?

- АущIэм и жэуапым лъэныкьуищкIэ убгъэдыхьэ хьуну кьыщIэкIынущ. Япэрауэ, Iуэхум хащIыкьыртэкъым. ЕтIуанэрауэ, гуащIэмащIэт, Ещанэрауэ, яцIэр кьагурыIуэжу цIыхубэр щыхупIэм хуэщIэ щыхупIэм зэрепхъуэри, щIыналъэхэм кьахуигъанэр ныкъуэшхэщ. Ди ежьанIэ нэхъыщхьэхэр